



Seattle Office of Labor Standards

Domestic Workers Ordinance

Modèl avi 2023 pou dwa ak Enfòmasyon sou salè yo

Nou ancouraje moun k ap anplwaye oswa ki ap peye sèvis yon travayè domestik ki kouvri pa règleman sou travayè domestik (Domestic Workers Ordinance) yo pou yo distribiye modèl avi travayè yo a, nan lang li pi alèz la. Avi sila a pa yon konsèy jiridik epi li pa kreye kontra avèk vil Seattle la.

DAT AVI A _____ / _____ / _____ NON TRAVAYÈ A _____

NON ANTITE K AP ANPLWAYE A _____ TELEFÒN OSWA IMÈL ANTITE K AP ANPLWAYE A _____

ADRÈS ANTITE K AP ANPLWAYE A _____



DWA AK YON KONPANSASYON MINIMAL

Ou genyen dwa pou yo peye w pou pi piti salè minimòm Seattle la. To salè orè ou a se: \$ _____ / èdtan.

Ou ap touche nan dat: _____

(savledi., nan fen chak jounen travay, chak vandredi chak 2 semèn an madi, elatriye.)

Posibilité pou travay èdtan anplis: Koche kaz ki Aplikab yo

- Ou pa elijib pou w fè èdtan anplis.
- Ou se yon anplwaye ki "elijib pou travay èdtan anplis", sa ki vle di ou dwe resevwa 1,5 fwa to salè nòmal pou èdtan travay ki plis pase 40 nan yon semèn travay.

SALÈ MINIMÒM ORÈ 2023	Konpansasyon minimòm	Si travayè a resevwa 2.19\$/èdtan pou tep (tips)** oswa pou prestasyon medikal Avantaj a bay
Majorite antite k ap anplwaye	\$18,69	\$16,50
Anplwayè ki genyen plis pase 501 Anplwaye		\$18,69

** Si ou se yon anplwaye, anplwayè ou a dwe bay enfòmasyon sou règleman li nan kesyon tep.

Koche kaz la si yo mete l an attachman



DWA POU POZ REPO

Pou chak tranch kat èdtan travay pou yon antite k ap anplwaye, ou gen dwa a yon poz peye epi san deranjman 10-minit nan fen twazyèm èdtan travay la.

Poz Repo: Koche kaz ki Aplikab yo

- W ap kapab pran yon poz ki peye epi san deranjman.
- W ap kapab pran yon poz pandan w ap rete nan espas travay la epi ou obligei reprann travay lè yo rele ou. Si ou responsab sante ak sekirite yon moun ou responsab, ou ka trate poz ou a akoz fonksyon ou. Nan ka sa yo, w ap resevwa yon salè pou 10 minit anplis, oswa \$ _____, pou chak poz ou manke.
- Fonksyon ou yo rann enposib osinon pa pèmèt ou pran yon poz san deranjman san w pa mete sante ak sekirite moun ou responsab yo an danje. W ap jwenn yon salè pou 10 minit anplis, oswa \$ _____, pou chak tranch kat èdtan travay.

EGZIJANS KI KONSÈNE POZ YO:

- Poz sa dwe pèmèt ou pran repo epi pou w fè lòt chwa pèsonèl nan sa ki konsène itilizasyon tan w.
- Nou ka mande w pou w rete nan espas travay la epi pou w retounen travay lè nou rele ou, men ou lib de tout obligasyon pwofesyonèl ou.
- Si yon anplwayè deranje w pandan poz ou an oswa akoz kèk tach pwofesyonèl, w ap reprann poz la lè ou ka repran ankò yon lòt poz 10 minit.



DWA POU POZ MANJE

Pou chak peryòd senk èdtan travay pou yon antite k ap anplwaye, ou gen dwa ak yon poz manje san deranjman k ap dire 30 minit nan fen senkyèm èdtan.

Poz Manje: Koche kaz ki Aplikab yo

- Pandan poz manje a, w ap konplètman lib de tout obligasyon pwofesyonèl ou yo. W ap resevwa yon poz manje ki pa peye. Ou ka renonse ak yon poz manje ki pa peye. Gade kadran sou kote a pou wè kondisyon pou renonse yo.
- Pandan poz manje w la, ou dwe rete nan espas travay la epi pou w retounen travay lè yo rele ou, men ou lib de tout obligasyon pwofesyonèl ou. W ap resevwa yon poz manje ki peye. Ou paka renonse ak poz manje peye sa.
- Ou responsab sante ak sekirite yon manm nan fwaye a, men ou ta dwe kapab benefisyè yon poz manje ki peye. Jou kote ou sote poz manje yo akoz fonksyon ou, ou dwe resevwa yon salè siplemantè 30 minit, oswa \$ _____, pou chak peryòd poz manje ou manke.
- Fonksyon ou yo rann enposib osinon pa pèmèt ou pran yon poz manje san deranjman san w pa mete sante ak sekirite moun ou responsab yo an danje. W ap jwenn yon salè pou 30 minit anplis, oswa \$ _____, pou chak tranch senk èdtan travay.

EGZIJANS KI KONSÈNE POZ MANJE YO:

- Poz manje sa dwe pèmèt ou pran repo epi pou w fè lòt chwa pèsònèl nan sa ki konsène itilizasyon tan w.
- Si yon anplwayè deranje w pandan poz manje ou an oswa akoz kèk tach pwofesyonèl, w ap reprann poz manje w la lè ou ka repran ankò yon lòt poz 30 minit.

SI W RENONSE AK YON POZ MANJE OSWA AK YON JOU REPO?

- Renonsman sa dwe se travayè a ki vle l epi li dwe nan enterè li.
- Ou dwe konnen dwa ak li ak konsekans paske ou renonse a.
- Renonsman sa dwe endike dat kote renonsman an kòmanse a.
- Ou gen dwa anile renonsman sa nan nenpòt ko moman.



DWA POU JOU REPO

Si ou travay 6 jou san poze epi ou ap viv osinon dòmi nan espas travay la, ou gen dwa pou yon peryòd repo ki pa peye k ap dire 24 èdtan.

- Tout kantite travay nan yon peryòd 24 èdtan konsidere tankou yon jounen travay.
- Pandan peryòd repo 24 èdtan sa, ou dwe konplètman lib de tout tach ou yo, ou pa oblige rete nan espas travay la epi ou pa oblige retounen nan travay la si yo rele ou.
- Ou ka renonse ak yon jou repo. Gade kadran sou kote a pou wè kondisyon pou renonse yo.



DWA POU KENBE DOKIMAN PÈSONÈL OU

Ou gen dwa pou ou kenbe dokiman orijinal ak tou zafè pèsònèl ou.



ENTÈDIKSYON POU SANKSYON

Ou gen dwa pou w pa sibi sanksyon. Li pa legal pou yon antite k ap anplwaye pran yon mezi ki pa an favè w. (pa egzanp revoke w, desann grad ou, epi menase w pou denonse estati imigre w) kont ou paske ou te defann dwa kondisyon travay Seattle (Seattle Labor Standards) yo pwoteje yo.

KESYON OSWA PLENT?

Pou poze kesyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:
Biwo kondisyon travay nan Seattle (Seattle Office of Labor Standards) la nan (206) 256-5297
oswa vizite www.seattle.gov/laborstandards.

Sèvis yo a gratis
Y ap bay yon entèpretasyon lengwistik gratis.
Yo pa p janm poze w kesyon sou estati imigre w.

PWOTEKSYON DWA SIVIL

Travayè domestik yo gen dwa tou pou yo pa viktim asèlman seksyèl, sanksyon ak diskriminasyon dapre lwa Seattle Lwa sou Pratik Travay Ekitab nan Seattle (Seattle's Fair Employment Practices Law).

Pou plis enfòmasyon sou dwa sa, kontakte:
Biwo Seattle pou Dwa Sivil (Seattle Office for Civil Rights) yo nan (206) 684-4500
oswa vizite www.seattle.gov/civilrights.